



## PWOTEJE ANTREPRIZ OU A: Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz

Si antrepriz ou a ta oblije fèmen pou yon tan akòz domaj pwopriyete komèsyal ou yo sibi, èske ou t ap kapab kontinye fè depans tankou pèman lwaye ou a, pèman prè, salè ak enpo jiskaske antrepriz ou a vin operasyonèl ankò?

Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz, yo konnen sou non Pwoteksyon Revni Antrepriz, se yon tip asirans ki ede yo ranplase revni antrepriz ou a pa resevwa a lè li dwe fèmen akòz domaj pwopriyete oswa lokal antrepriz ou a sibi.

Pwoteksyon sa a la pou ofri ou montan benefis antrepriz ou ta ka fè si aktivite yo pa t fè yon kanpe akòz li fèmen.

Lè ou gen Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz sa kapab ede yo ofri antrepriz ou a soulajman, estabilite ak èd pandan peryòd li fè fèmen an.

## Kisa Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz Ofri?

Lè ou ap achte Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz, li bon pou ou konnen ki pwoteksyon yo ofri epi bay. Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz kapab ede nan ka sa yo:

- ✓ Pewòl Anplwaye
- ✓ Pèman Prè
- ✓ Pèman Ipotèk/Lwaje/Lokasyon
- ✓ Frè Reyentalasyon
- ✓ Enpo

## Kisa Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz Pa Pwoteje?

Kòm pou tout kontra asirans, gen evènman Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz ou a pa pwoteje. Si antrepriz ou a dwe fèmen pou yon tan epi li sispann resevwa revni akòz youn nan evènman nou site pi ba yo, li posib pou Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz ou a pa ofri avantaj. Kòm kapab gen lòt bagay kontra a pa pran anchaj, asire ou diskite sou tip evènman sa yo ak ajan asirans ou an oswa konpayi asirans ou an epi mande li si gen lòt evènman kote yo p ap ofri pwoteksyon.

- ✗ Ou fèmen paske ou pèdi sèvis elektrisite, gaz oswa dlo
- ✗ Tranblemanntè
- ✗ Inondasyon
- ✗ Vit ki kraze
- ✗ Revni ou pa dokimante
- ✗ Revni ou pa resevwa akòz ou fèmen an pati, sa vle di lè antrepriz ou a limite men li toujou an mezi pou li fonksyone
- ✗ Pandemi, viris oswa maladi transmisib

Jeneralman, avan yo ofri ou avantaj, antrepriz ou a dwe sibi domaj materyèl akòz youn nan evènman kontra ou a pwoteje.



## Kilè Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz Antre Ann Aplikasyon?



Pou yo aplike Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz, antrepriz ou a dwe sibi yon sispansyon nan montan revni nòmal li resevwa apati sispansyon tanporè aktivite antrepriz la akòz domaj materyèl. Ou dwe sibi yon peryòd atant avan avantaj yo demare ak yon peryòd restorasyon.

### PÈT REVNI .....

Antrepriz ou a pa kapab resevwa revni akòz domaj materyèl pwopriyete antrepriz ou a sibi a oblije li fèmen pou yon tan.

### DOMAJ MATERYÈL .....

Domaj materyèl pwopriyete antrepriz ou a sibi a oblije ou kanpe aktivite antrepriz ou a pou yon tan. Kontra Sispansyon Antrepriz ou a dwe ofri pwoteksyon pou koz domaj materyèl. Kontra Sispansyon Antrepriz ou a ap bay yon lis koz domaj materyèl kontra pwoteje.

### PERYÒD ATANT .....

Pou pifò kontra, ou p ap resevwa avantaj finansye apati Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz avan peryòd atant lan, ki se jeneralman 48 a 72 èdtan aprè antrepriz la fin sibi domaj materyèl dirèk apati youn nan evènman kontra a pwoteje. Delè sa a kapab diferan selon konpayi asirans lan kidonk asire ou diskite sou delè sa a ak ajan asirans ou an oswa ak konpayi asirans ou

an. Souvan, kwak ou p ap resevwa avantaj apati Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz avan 48 a 72 èdtan aprè antrepriz la fin sibi domaj materyèl dirèk, ou kapab achte Pwoteksyon pou Depans Anplis (Extra Expense Coverage) pou demare ak avantaj tousuit.

### PERYÒD RESTORASYON .....

Sispansyon antrepriz ou a dwe rive pandan yon peryòd yo rele “**peryòd restorasyon.**” “Peryòd restorasyon” an se tan ki nesese pou repare oswa remete pwopriyete ki andomaje a ann eta. Li kòmanse jeneralman tousuit aprè domaj materyèl pwopriyete antrepriz ou a fin sibi yo epi jeneralman li fini nan lè pwopriyete ki andomaje yo dwe repare oswa lè antrepriz la rekòmanse aktivite nan yon nouvo lokal pèmanan.

Tanpri remake, pandan “peryòd restorasyon” an, y ap peye ou avantaj pandan yon peryòd presi jan kontra a endike sa. Jeneralman, Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz ofri 30 jou men konpayi asirans ou an kapab ofri yon pwoteksyon ki rive jiska 12 mwa.

Anplis, si antrepriz la deplase pou ale nan yon nouvo lokal, “peryòd restorasyon” an fini lè antrepriz la rekòmanse aktivite nan nouvo lokal la. Pou pifò kontra, “peryòd restorasyon” an pa pran ankont tan ki nesese pou ou konfòme ou ak yon kòd bildin. Pa egzanp, si reyouvèti antrepriz ou a retade pou yon (1) mwa akòz reparasyon yo dwe konfòm ak yon nouvo kòd bildin, revni ou ta ka resevwa pandan mwa sa a pa kapab benefisye pwoteksyon.



## Ki Montan Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz Mwen Ta Dwe Achte?

Apa konnen ki avantaj Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz kapab ofri, li enpòtan pou ou asire ou limit kontra a ase pou pwoteje antrepriz ou a tou.

Jeneralman, Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz ofri 30 jou men konpayi asirans ou an kapab ofri yon pwoteksyon ki rive jiska 12 mwa.

Yon diskisyon ak ajan asirans ou an oswa ak konpayi asirans ou an kapab ede ou detèmine montan pwoteksyon ou bezwen pou ou asire limit kontra a ase pou pwoteje antrepriz ou a.

### ASIRE OU KONTRA OU A OFRI ASE PWOTEKSYON POU SIPÔTE ANTREPRIZ OU A.

Yon bon mezi ou kapab itilize se pran revni brit ak pwojeksyon antrepriz ou a pou ou estime benefis antrepriz ou a ap fè alavni. Apati estimasyon benefis ou ap fè alavni an, ou kapab detèmine montan pwoteksyon apwopriye antrepriz ou a ap bezwen pi byen.

Li enpòtan pou ou sonje aprè gwo domaj, kapab gen yon peryòd long avan ou kapab rebran epi dirije antrepriz ou a tou. Lè ou ap diskite ak ajan asirans ou an oswa konpayi asirans ou an, yo kapab ede ou ranpli yon fèy kalkil Revni Antrepriz.



Yon **fèy kalkil Revni Antrepriz** se yon fòm yo itilize pou estime revni anyèl antrepriz ou a. Fèy kalkil la ap kontribye nan ede yo detèmine montan pwoteksyon ki apwopriye antrepriz ou a bezwen pou li kontinye egziste aprè yon sispansyon tanporè akòz domaj materyèl. Yo itilize montan sa a pou ede nan detèmine montan pwoteksyon ou ta dwe achte.

## Andosman ak Plis Opsyon

Kèk konpayi asirans ap ofri plis opsyon ak andosman nan Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz estanda yo a. Selon konpayi asirans ou an, kèk nan opsyon ak andosman anplis sa yo kapab bezwen yon prim anplis.

Asire ou pale ak ajan asirans ou an oswa ak konpayi asirans ou an pou ou wè si antrepriz ou a ta ka benefisye pwoteksyon pou sispansyon antrepriz anplis sa yo epi si yo ap bezwen prim anplis.

### PWOTEKSYON POU SISPANSYON ANTREPRIZ KOLEKTIF OSWA DEPANDAN

Pwoteksyon pou revni antrepriz la pa resevwa akòz domaj materyèl pwopriyete imedya yon founisè oswa yon kliyan sibi. Se kapab founisè ak antrepriz ki pa kapab ofri antrepriz ou a oswa kliyan ou an materyèl oswa sèvis, kliyan ki pa kapab aksepte pwodui oswa sèvis ou yo ankò, ak antrepriz ki pa kapab refere antrepriz ou a nouvo kliyan ankò.

### PWOTEKSYON POU SISPANSYON ANTREPRIZ PWOLONJE

Kou antrepriz ou a ann aktivite, revni antrepriz ou a ka pa retounen nan nivo nòmal li, pwoteksyon sa a kapab ofri avantaj pèt revni pou yon peryòd presi ki depase 30 jou inisyal alòdinè a.



## REJIS ENPÒTAN!

Pou ou resevwa plis avantaj posib apati Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz ou a, li preferab pou ou gen rejis finansye ki presi. Rejis ki presi konsènan revni ak benefis antrepriz ou a pandan lane avan

yo ap ede ou detèmine montan pwoteksyon ou bezwen ak montan avantaj pou yo vèse. Rejis presi sou revni ak benefis, rejis sèvis piblik, fotografi, resi oswa rejis ki dokimante tout depans anplis ou te fè kapab ede ou asire ou resevwa yon montan avantaj ki presi pou ede ou soutni antrepriz ou a pandan peryòd kote ou pa resevwa montan nòmal revni an.

## PWOTEKSYON OTORITE CIVIL

Li ajoute pwoteksyon si pwopriyete yon lòt antrepriz andomaje materyèlman epi domaj pwopriyete sa a sibi a fè yon otorite sivil (gouvènman lokal, etatik oswa federal) entèdi aksè a pwopriyete a, epi entèdiksyon sa a anpeche aksè a antrepriz ou a tou. Domaj materyèl pwopriyete lòt antrepriz la sibi a dwe rive apati yon evènman kontra Sispansyon Antrepriz pou antrepriz ou a pwoteje.

## PWOTEKSYON POU DEPANS ANPLIS

Li ofri pwoteksyon pou depans anplis antrepriz ou kapab fè pandan li rekòmanse mache. Se kapab peye lwaye yon bildin kote ou dwe al mete antrepriz ou a pou yon tan pandan bildin ou an nan reparasyon, ofri fon pou ou lwe ekipman oswa achte mèb oswa òdinatè, epi peye anplwaye èdtan siplemantè oswa angaje lòt anplwaye.

## PWOTEKSYON POU SISPANSYON SÈVIS

Pwoteksyon pou pèt revni si aktivite antrepriz ou a kanpe akòz domaj materyèl dirèk ekipman antrepriz sèvis piblik ki ofri antrepriz ou a sèvis la sibi. Domaj materyèl la dwe rive apati yon evènman kontra Sispansyon Antrepriz pou antrepriz ou a pwoteje.

## PWOTEKSYON KONT MALVÈSASYON ELEKTWONIK

Pwoteksyon asirans sa a pwoteje revni antrepriz ou a nan ka atak elektwonik oswa sibènètik. Pa egzanp, si yo pirate sitwèb antrepriz ou a epi sa anpeche ou eksplwate antrepriz ou a kòm sadwa, pwoteksyon sa a kapab kontribye nan pwoteje revni antrepriz ou a ta ka resevwa.

## Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz:

- Li ofri pwoteksyon pou anpeche ou fèmen antrepriz ou a pandan yon tan lè pwodiktivite a kanpe, ak tan ki nesèsè pou ou repare oswa ranplase pwopriyete ou genyen ki andomaje.
- Li kapab egzije pou antrepriz ou a fèmen pou yon kantite jou avan konpayi asirans lan kòmanse ofri avantaj.
- Jeneralman, li kalkile avantaj revni sou baz revni brit: revni antrepriz ou a ou te dokimante avan enpo.
- Li pa ofri pwoteksyon pou domaj pwopriyete materyèl antrepriz ou a sibi, men li sèlman ofri pwoteksyon pou revni antrepriz ou a pa resevwa akòz domaj pwopriyete antrepriz ou a sibi.
- Li bay yon kantite jou byen presi kote kontra a ap ede peye revni ou pèdi ak frè eksplwatasyon pandan antrepriz ou a ap retounen nan kondisyon li te ye avan li te sibi domaj yo.

## POU PLIS ENFÒMASYON OSWA ÈD

Pou ou jwenn èd pou tout kesyon oswa enkyetid konsènan opsyon Pwoteksyon pou Sispansyon Antrepriz ou yo, ou kapab kontakte:

**Sèvis Depatman Finansye Florida**  
**Divizyon Sèvis Konsomatè**  
**Liy Asistans Gratis pou Konsomatè Asirans**  
**1-877-MY-FL-CFO (693-5236)**



*Tasha Carter*

@YourFLVoice

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com  
www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA